


# Estanda Akreditasyon **AdvancED**



## **Estanda 1:**

Rezon ak Direksyon

## **Estanda 2:**

Gouvènans ak Jesyon

## **Estanda 3:**

Ansèyman ak Evalyasyon pou Aprantisaj

## **Estanda 4:**

Sistèm Resous ak Sipò

## **Estanda 5:**

Sèvi ak Rezilta pou Amelyorasyon Kontinyèl

## **VIZYON DISTRI A**

Nou pran angajman pou bay Ekselans Edikasyonèl pou tout moun.

## **MISYON DISTRI A**

Nou ofri meyè kalite edikasyon pou responsabilize elèv nou yo pou yo viv youn vi pwodiktif e satisfèzan kòm moun ki ap aprann pou tout vi yo e vin sitwayen responsab.

## **VALÈ DEBAZ**

- Ekselans
- Entegrite
- Ekite
- Sitwayènte

## **BI DISTRI A**

Siksè Elèv



## **Manm Komisyon Konsèy Lekòl**

### **Miami-Dade County, Florid**

Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Dr. Martin S. Karp, Vis Chèmann  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall

Susie V. Castillo

Carlos L. Curbelo

Dr. Lawrence S. Feldman

Dr. Wilbert "Tee" Holloway

Dr. Marta Pérez

Raquel A. Regalado

Jude Bruno

**Elèv Konseye**

Alberto M. Carvalho

**Sipèntandan Lekòl yo**

Milagros R. Fornell

**Ofisye Akademik Anchèf**

Ofisye Akademik Anchèf, Biwo pou

Akademik ak Transfòmasyon

Dr. Maria P. de Armas

**Ajistan Sipèntandan**

Divizyon Sipò Akademik

Raquel Sotolongo

**Espesyalis Sipò Enstriksyonèl**

Divizyon Sipò Akademik



# **LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY**



## **AKREDITASYON DISTRI A**



yo

<http://accreditation.dadeschools.net/>  
305-995-1934

## Kisa Akreditasyon Sistèm nan ye?

Akreditasyon se yon metòd pou asire kalite ki fèt pou distenge lekòl ki obsève yon seri estanda edikasyonèl. Pwosis Akreditasyon an amelyore siksè ak efikasite òganizasyonèl elèv la an jeneral. Akreditasyon sistèm nan enkòpore yon modèl pèfòmans debaz ki kontinyèlman amelyore tout lekòl yo pandan yon peryòd senk ane.



## Ki Diferans ki Genyen Ant Akreditasyon Sistèm nan ak Metòd Akreditasyon Anvan yo?

Lontan, akreditasyon te limite senpleman pou lekòl segondè e yo chak te pase atravè yon pwosis akreditasyon endepandan. Akreditasyon sistèm nan akredite tout lekòl yo: Elemantè, Sant Jadendanfan – 8yèm Ane Eskolè, Lekòl Mwayen, ak Segondè atravè distri a anmenmtan. Akreditasyon sistèm nan gen ladan pou chak lekòl fè pwòp evalyasyon yo, yon evalyasyon òganizasyonèl Distri a, e finalman yon revizyon ekstèn endepandan. Se **AdvancED** ki ap fè akreditasyon sistèm nan.

## Kiyès AdvancED ye?

**AdvancED** (Edikasyon Avanse) se pi gwo kominote akreditasyon edikasyon nan lemond. Li gen yon total plis pase 100 ane eksperyans ak ekspètiz twa pi gwo ajans akreditasyon ki baze Ozetazini — “The North Central Association Commission on Accreditation and School Improvement (NCA CASI)” (Asosyasyon Komisyon Santral Nò sou Akreditasyon ak Amelyorasyon Lekòl) “Northwest Accreditation Commission (NWAC)” (Komisyon Akreditasyon Nòdwès), ak “Southern Association of Colleges and Schools Council on Accreditation and School Improvement (SACS CASI)” (Asosyasyon Sid pou Kolèj ak Konsèy Lekòl sou Akreditasyon ak Amelyorasyon Lekòl). **AdvancED** akredite lekòl prive ak lekòl leta entènasyonman nan plis pase 70 peyi.



## Kòman Nou Ka Vin Yon Sistèm Akredite?

Lekòl Leta Miami-Dade County pral travay avèk **AdvancED** pou akredite lekòl yo. Pwosis akreditasyon **AdvancED** la konpreyansif, li ap evalye tout pati nan enstitisyon nou an. Pwosis la konsantre sou vizyon ak bi nou yo, li evalye ansèyman ak aprantisaj, e li egzamine kòman nou dokimante rezilta e distribye resous yo. Senk Estanda **AdvancED** yo se fondasyon pou Pwosis Akreditasyon ki sèvi kòm gid pou amelyorasyon kontinyèl.

## Kisa Akreditasyon Vle Di Pou Elèv Nou Yo?

Elèv nou yo ap vin gen plis aksè pou prete lajan federal, bousetid, pwogram militè ak kolèj ki mande pou elèv yo te ale nan enstitisyon akredite. Akreditasyon sistèm nan rekonèt kòman tout pati edikasyon yo – Distri a, lekòl, ak salklas la – travay byen ansanm pou satisfè bezwen elèv yo.



## Kisa Akreditasyon Vle Di Pou Paran?

Paran ap gen konfyans dèske yo konnen lekòl pitit yo akredite e sa vle di lekòl pitit yo satisfè kalite estanda entènasyonman pou bonjan edikasyon.



## Kisa Akreditasyon Vle Di pou Distri Lekòl la?

Atravè akreditasyon sistèm nan, Lekòl Leta Miami-Dade County pral mete ansanm avèk yon rezo global ki pran agajman pou estanda edikasyonèl ekselan. Akreditasyon sistèm nan nourri e sipòte amelyorasyon lekòl endividyèl pandan yo ap aliyen li avèk amelyorasyon global distri lekòl la an jeneral.